



Pou Piblikasyon Imedya: 19/06/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO BAY ENSTRIKSYON AK FÒS ENTÈVANSYON KONT KRIM
RAYISANS LAN POU ASISTE NAN ANKÈT SOU MESAJ ANTI MIZILMAN SOU
PÒT LEKÒL ELEMANTÈ NAN BROOKLYN**

"Mwen santi m degoute pou m aprann mesaj anti mizilman yo ke yo te ekri sou pòt yon lekòl elemantè nan Brooklyn. Zak islamofobik sa a ki sible timoun nou yo konplètman inakseptab ak repiyan pa rapò ak valè New York yo.

Kòm yon Eta ak yon nasyon nou dwe ansanm kondane rayisans nan tout fòm li epi denonse avèk yon sèl vwa tout moun ki swete divize nou. Mwen ap bay enstriksyon ak inite kont Krim Rayisans Lapolis Eta New York la pou asiste Depatman Lapolis New York (New York Police Department, NYPD) la nan ankèt sou ensidan repiyan sa a epi pou bay tout resous ki nesese pou pouswiv lajistis sila yo ki responsab.

Mesaj nou an pou sila yo ki ap eseye repann prejije yo senp: pa gen okenn plas pou rayisans nan Eta New York epi nenpòt moun yo jwenn ki responsab zak abominab sa a pral rann kont nan tout mezi lalwa pèmèt".

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)